

TRADHISI RUWAT DHUSUN ING CANDHI BELAHAN

(Tintingan Budaya)

DALILI ZATA DINI

Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

dalilizatadini@gmail.com

ABSTRAK

Candhi Belahan yaiku salah sawijining panggonan kang winangun minangka pertitaan kang wujud selir Dewi Sri lan Dewi Laksmi. CB nduweni tradhisi kang biasane ditindakake saben sasi Besar utawa Sura ing dina minggu Legi. Tradhisi kasebut bisa diarani Tradhisi Ruwat Dhusun (TRD). Kanthi tujuwan kanggo mujudake rasa syukur lan minangka wujud pandongane warga supaya bisa lumaku lancar ngadhepi kauripan ing mangsa tembe.

Underan panliten, yaiku: 1) Mula bukane Tradhisi Ruwat Dhusun ing Candhi Belahan; 2) Tata laku TRD; 3) Jinis ubarampe lan uga makna TRD; 4) Piguna sajrone TRD; 5) Nilai budaya sajrone TRD. Paedah kang bisa dijupuk saka panliten yaiku: 1) bisa nambah pamawas, pangalaman, lan wawasan panliti kanggo nlliti tradhisi sawijine panggonan kang ana gayutane karo candhi; 2) bisa menehi gegambaran nulis sastra, mligine sastra lisan; lan 3) bisa menehi anak putu kanggo nyinaoni lan nguri-uri crita amrih bisa ngerteni crita candhi.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten yaiku dheskriptif kualitatif. Sumber dhata kang ana ing panliten TRD diperang dadi loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Objek kang diteliti yaiku *Tradhisi Ruwat Dhusun*. Instrumen panliten iki awujud panliti, dhaptar pitakon, lan alat bantu kang digunakake kanggo ngumpulake dhata. Teknik ngumpulake dhata sajrone panliten lumantar observasi, wawancara, lan dhokumentasi. Babagan nganalisis dhata sajrone panliten nggunakake *open coding*, *acial coding*, lan *selective coding*.

Asile panliten iki nuduhake yen TRD nduweni rerencanan tata laku adicara TRD kang diperang dadi papat yaiku: 1) Wiwitane pambuka; 2) Pambuka; 3) Inti; 4) Panutup. Ubarampe kang digunakake sajrone tumpeng ancak ing TRD, yaiku sega putih, iwak, woh-wohan, gendera, pala pendem, dene ubarampe ritual sawur kembang, yaiku kembang setaman, kendhi, dupa, lan cok bakal. Pigunane TRD tumrap masyarakat bakal diandharake nganggo konsep Bascom yaiku 1) minangka *sistem proyeksi*; 2) minangka piranti kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan; 3) minangka piranti kanggo pendidikan bocah-bocah; 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi aturan-aturan. Panliten iki nduweni fungsi liya minangka panemu saka panliti dhewe kanggo pangembangan. Piguna liyane yaiku: 5) piranti hiburan; 6) tradhisi kang ngrembaka; 7) fungsi solidaritas; 8) kanggo nglestarike budaya; lan 9) fungsi ekonomi. Wujud nilai budaya kang kinandhut TRD kaperang dadi telu kategori kang gegayutane manungsa, yaiku 1) nilai budaya kang gegayutan marang Gustine; 2) nilai budaya gegatutan manungsa marang alam donya; 3) nilai budaya gegayutane manungsa minangka makhluk sosial.

Tembung wigati: tradhisi, mula bukane, tata laku, piguna, nilai budaya

PURWAKA

LELANDHESANE PANLITEN

Koentjaningrat (1987:15) ngandharake yen antarane budaya lan manungsa kuwi raket banget hubungane saingga budaya ngemu teges yaiku minangka sakabehing pikiran lan asil saka cipta, rasa lan karsaning manungsa kang becik kanthi sarana lan niat ngupaya pamikiran manungsa kanggo luwih pinter. Unsur kabudayan asipat universal ana 7 yaiku: 1) Sistem religi

lan upacara keagamaan, 2) Sistem lan organisasi kemasyarakatan, 3) Sistem kawruh, 4) Basa, 5) Kesenian, 6) Sistem Pangupajiwa, 7) Sistem teknologi lan piranti (Koentjaningrat, 2000:2). Kabudayan kuwi diduweni saben kelompok, mula saka kelompok mau uga nduweni ragam budaya, keagungan lan kaendahan budaya sarta kaluwihan dhewe-dhewe. Saliyane kuwi, kabudayan uga nduweni gegayutan karo akal lan budine manungsa kang

wis dirembakake. Mulane kabudayan Jawa kudu tansah dijaga kahanane ing bebrayan.

Sudikan (2001:4-5) ngandharake corak kabudayan bisa diperang dadi telu yaiku: a) kabudayan suku bangsa utawa dhaerah, kabudayan kang tegese saka kumpulan manungsa iki kaiket karo kasadharan lan dadi pengenalan tumrap dhaerah tartamtu, b) kabudayan lokal, kabudayan iki kadelok saka kahanane kang ana ing panguripane manungsa lan dilandhesi norma sosial, c) kabudayan nasional, kabudayan kang adiluhung amarga minangka punjering kabudayan kang maneka werna. Panliten ngarepake tulisan apa kang tinulis bisa dingerteni kabudayane dhewe, uga kabudayan Jawa bisa tansah dilestarikake nganti jaman samangke.

Salah sawijine kabudayan lokal kang narik wigaten kanggo dionceki luwih jangkep yaiku kabudayan lokal kang ana ing Candhi Belahan yaiku tradhisi ruwat dhusun. Tradhisi ruwat dhusun sabanjure bisa dicekak dadi TRD. Bab-bab kang narik kawigaten masyarakat sajroning TRD ing Candhi Belahan, yaiku: 1) TRD dianakake setaun pisan yaiku ing sasi Suro utawa Besar, tiba ing dina Minggu Legi, 2) tradhisi kang dianakake kanthi cara gedhen-gedhen lan masyarakate wiwit mudha nganti tuwa katon nyengkuyung anane TRD wiwit jaman biyen nganti saiki, 3) papan panggonan upacara yaiku ing papan wisata Candhi Belahan kang dipercaya nduweni unsur magis uga ngandhut tujuan implisit tumrap Dinas Kabudayan lan Pariwisata kanggo nguripake tradhisi minangka aset wisata budaya, 4) wujud lan makna ubarampe TRD, 5) anane kapitayan saka masyarakat yen ora nindakake bakal ana cilaka.

TRD ing Candhi Belahan iki kalebu kabudayan kang isih dilestarikake. Tradhisi kasebut minangka warisan saka para leluhur kang diwarisake nganti saiki. Adicara kasebut dianakake saben taun ing sasi Suro utawa Besar tiba ing dina Legi, saingga ndadekake tradhisi luwih rowa dingerteni dening masyarakat. TRD iki nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap panguripane masyarakat, amarga tradhisi kasebut minangka tradhisi kanggo mujudake rasa syukur masyarakat marang Gusti Pangeran lan kanggo ngormati Raja Airlangga kang minangka raja kang gawe panggon kasebut kanggo selire. TRD kudu tansah dilestarikake supaya warga desa Wonosunyo tansah ayem tentrem. TRD kang ditindakake iki nuwuhake kapitayan yen ora nganakake bakal oleh cilaka.

Candhi Belahan iki ana ing desa Wonosunyo, kecamatan Gempol, kabupaten Pasuruan. Pasuruan iku salah sawijine kabupaten kang ana ing propinsi Jawa Timur kang wewatesane karo kabupaten Sidoarjo ing sisih lor, kabupaten Probolinggo ing sisih wetan, kabupaten Mojokerto ing sisih kulon, lan kabupaten Malang ing sisih kidul. Masyarakat desa Wonosunyo isih percaya yen papan kanggo ngeruwat dhusun kasebut nduweni mitos utawa

takhayul kang ora kena dipisahake. Mulane wong-wong kang padha mara ing kono lan nduweni kapitayan yen pawongan ngraupake banyu ing selir arca Dewi Laksmi iku bakal antuk pasuryan kang sulistya awet nom. Banyu kang metu ing salah sawijining selir iku uga nduweni gegayutan kang gedhe tumrap bebrayan ing kabupaten Pasuruan mligine desa Wonosunyo kasebut kanggo panguripan saben dina, kayata adus, masak, lan sapanunggal.

Panliti kapengin nliti lan nganalisis TRD ing Candhi Belahan kanthi setiti. Saka panliten iki dikarepake supaya masyarakat Jawa luwih mangerteni makna kang kinandhut sajrone tradhisi-tradhisi Jawa supaya masyarakat luwih mangerteni ngenani TRD ora mung nglakoni lan nglakoni wae. Salah sawijine paedah saka panliten iki yaiku minangka pawujudan ngupaya nguri-nguri kabudayan Jawa kang wis wiwit kalindhah kabudayan manca.

Panliten ngenani TRD sangertine durung tau ana sing nliti, mula saka kuwi panliten iki ditindakake kanthi irah-irahan “Tradhisi Ruwat Dhusun ing Candhi Belahan”. Bab kang bakal ditintangi sajrone panliten iki kalebu babagan mula bukane TRD, tata laku, makna ubarampe, piguna, uga nilai budaya kang kinandhut sajrone TRD. Panliten iki mujudake deskripsi budaya kang ngandharake nilai-nilai sawijining budaya Jawa kanthi tujuan kanggo nguri-uri uga ngrembakake kabudayan Jawa supaya tansah kajaga.

UNDERANE PANLITEN

Lelandhesan panliten wis diandharake ing dhuwur, underane panliten iki bakal ngrembug ngenani TRD ing Kabupaten Pasuruan ing ngisor iki:

- 1) Kepriye mula bukane Tradhisi Ruwat Dhusun ing Candhi Belahan?
- 2) Kepriye tata laku adicara TRD?
- 3) Apa wae jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone TRD?
- 4) Apa piguna kang kinandhut sajrone TRD?
- 5) Kepriye nilai budaya kang kinandhut sajrone TRD?

TUJUWANE PANLITEN

Mula adhedhasar lelandhesan panliten lan underane panliten iku bisa katitik saka tujuwane panliten iki, yaiku:

- 1) Ngandharake mula bukane Tradhisi Ruwat Dhusun ing Candhi Belahan
- 2) Ngandharake tata laku adicara TRD
- 3) Ngandharake jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone TRD
- 4) Ngandharake piguna sajrone TRD
- 5) Ngandharake nilai budaya kang kinandhut sajrone TRD

PAEDAHE PANLITEN

Adhedhasar tujuwan panliten mesthi nduweni paedah tumrap pihak-pihak tartamtu. Paedahe panliten iki, yaiku:

- 1) Kanggo Panliti
Bisa nambah pamawas, pangalaman, lan wawasan panliti kanggo nлити tradhisi sawijine panggonan kang ana gayutane karo candhi. Kanggo Mahasiswa Panliten iki bisa menehi gegambaran nulis ngenani sastra, mligine sastra lisan.
- 2) Kanggo Masyarakat
Supaya anak putu bisa nyinaoni lan bisa nguri-uri crita iki amrih anak turune bisa ngerti crita candhi iki

WEWATESANE TETEMBUNGAN

Saka irah-irahan panliten, panliti bisa ngandharake wewatesaning istilah ing antarane yaiku:

- 1) Tradhisi, yaiku sakabehe bab kayadene adat pakulinan, kaprecayan, lan sapanungale kang diwarisake dening para leluhur (Poerwadarminta, 1976:108)
- 2) Candi Belahan, yaiku candhi kang winangun minangka panggonan pertitaan. Candhi kasebut ana ing lereng wetan Gunung Penanggungan, mligine Desa Wonosunyo, Kecamatan Gempol Kabupaten Pasuruan;
- 3) Ruwat Dhusun, yaiku tradhisi kang dilakoni saben taun ing Candhi Belahan. Kanthi tujuwan supaya diparingi keslamatan, ayam tentrem sajrone desa Wonosunyo.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sadurunge kang dianggap saemper, ditindakake dening :

- 1) Adytia Mulyaning Astuti (2016) kanthi irah-irahan “*Legendha Candhi Pari lan Candhi Sumur ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo*” kang dikaji kanthi tintingan folklor, Universitas Negeri Surabaya, Skripsi. Panliten iki nggunakake konsep legendha pamawas Brunvand, kanggo medharake bab pigunane folklor panemune Bascom, dene kanggo medharake nilai budaya sajrone crita legendha nggunakake konsep nilai budaya saka pamawase Djamaris. Metode kang digunakake yaiku metode deskriptif kualitatif. Panliten iki saemper karo panliten kang ditindakake dening panliti yaiku ngenani nintingi candhi. Konsep nilai budaya kang digunakake uga memper.
- 2) Ayuk Sukmawati (2015) kanthi irah-irahan “*Upacara Manten Pegon ing Kelurahan Genteng Kecamatan Genteng Kutha Surabaya*” kang dikaji kanthi tintingan

budaya, Universitas Negeri Surabaya, Skripsi. Panliten iki ngandharake wujud, piguna, lan makna. Metode kang digunakake yaiku metode deskriptif kualitatif. Konsep kang digunakake uga memper yaiku kanthi tintingan budaya.

- 3) Sri Wahyu Lestari (2015) kanthi irah-irahan “*Legendha Candhi Tawang Alun ing Desa Buncitan Kecamatan Sedati Kabupaten Sidoarjo*” kang dikaji kanthi tintingan folklor, Universitas Negeri Surabaya, Skripsi. Panliten kasebut medharake mula bukane crita, nilai budaya, fungsi lan gegayutane legendha ana ing masyarakat. Metode kang digunakake yaiku metode deskriptif kualitatif. Panliten iki meh memper karo apa kang bakal diteliti sajrone panliten yaiku ngenani panggonan candhi, nanging kang mbedakake konsep nilai budaya sajrone nintingi.

- 4) Rama Ditya Pranandha Yudha (2017) kanthi irah-irahan “*Tradhisi Sinongkelan ing Desa Prambon Kecamatan Tugu Kabupaten Trenggalek*” kang dikaji kanthi tintingan budaya, Universitas Negeri Surabaya, Skripsi. Panliten iki ngandharake tata lakune, makna simbolis ing ubarampe, lan pamawas masyarakat. Metode kang digunakake yaiku metode deskriptif kualitatif. Konsep kang digunakake uga memper yaiku kanthi tintingan budaya.

Saka andharan panliten kang ana ing ndhuwur iku ora padha amarga objek panliten kang diteliti beda. Objek kang diteliti panliten yaiku *Tradhisi Candhi Belahan* ing Kabupaten Pasuruan. Ing kene panliti bakal ngandharake mula bukane candhi belahan, tata rakite kepriye, makna ubarampe, piguna, lan nilai budaya kang ana ing kabuputen Pasuruan. Panliten saemper kang mbedakake karo panliti iku ngenani tradhisi sajrone candhi, objek utawa sumber data panliten uga saka panliten nggunakake tintingan budaya.

Masyarakat lan Kabudayan Jawa

Soekanto (1993:30) ngandharake masyarakat yaiku saperangan wong kang urip bebarengan banjur kanthi cara tulung-tinulung nyengkuyung kabutuhan urip sakabehane pawongan kang ana sajrone kelompok tartamtu. Saliyane iku manungsa uga ora bisa urip tanpa anane pitulungan saka manungsa liya. Sabanjure Gillin lan Gillin (sajrone Koentjaningrat, 1990:146) ngandharake yen masyarakat yaiku manungsa nduweni gegayutan karo manungsa liyane kang gegayutan karo tatanan urip kayata norma, adat istiadat kang nduweni sipat *kontinyu*, lan uga gayutan karo rasa paseduluran.

Masyarakat Jawa minangka salah sawijine masyarakat kang isih ngleluri kabudayan tanah Jawa, nanging wiwit pangrembakane jaman iki masyarakat nyebar nganti ing njabane pulo Jawa. Ana ing ngendi wae uripe, yen isih nglestarekake budaya Jawa isih dianggep perangane saka masyarakat Jawa. Kabudayan kang diduweni masyarakat Jawa bisa didadekake pedhoman kanggo urip ing bebrayan.

Koentjaningrat (sajrone Sulaeman, 1998:11) ngandharake tembung kabudayan asale saka basa sansekerta yaiku *buddayah* kang ngemu teges *akal* utawa *budi* utawa pamikiran. Ki Hajar Dewantara, ngandharake tembung budaya yaiku “*daya*” saka tembung *budi* kang ngemu teges pambudidayane manungsa. Ditinting saka pamawas Sulaeman (1998:11) ngandharake tembung kabudayan utawa budaya ing teges kang *sempit*, ngemu teges pamikiran, karya, lan asil karya manungsa kang ngemu surasa kaendahan.

Sajrone masyarakat kang majemuk, golongan kabudayan miturut Sudikan (2001:4-6) bisa diperang dadi telu, yaiku:

- 1) Kabudayan suku bangsa utawa kabudayan dhaerah, awujud kagiyatan-kagiyatan panguripan warga masyarakat mligine sesambungane paseduluran, sajrone upacara lan ritual sosial keagamaan. Kabudayan iki dadi pengenalan sawijine budaya kang ana ing sawijine dhaerah tartamtu.
- 2) Kabudayan lokal, awujud kagiyatan-kagiyatan kang dadi lelandhesane pranata-pranata sosial lan sumber saka kabudayan-kabudayan lokal saingga nduweni ciri khas lan mutu kang adiluhung.
- 3) Kabudayan nasional, kabudayan kang diduweni karo sakabehe bangsa Indonesia kanthi bebarengan.

Adhedhasar pamikire pamawas bisa kadudut yen kabudayan nduweni norma, lan nilai ngenani salah bawane sajrone bebrayan panyengkuyunge sarta kesatuwan ide kang ana pikirane manungsa banjur diwarisake lan dilakoni kanthi cara nggunakake simbol-simbol. TRD kalebu kabudayan lokal amarga TRD minangka wujud saka kagiyatan-kagiyatan panguripane warga mligine warga Desa Wonosunyo. Saliyane kuwi, TRD uga mujudake salah sawijine kabudayan lokal kang nduweni ciri khas, saengga nganti saiki TRD tansah diugemi lan dilestarekake dening masyarakat.

Konsep Folklor

Didelok saka etimologi, tembung folklor asale saka bangsa kulon yaiku *folklore*, kang dumadi saka tembung *folk* lan *lore*. Dundes (sajrone Danandjaja, 1986:1-2) ngandharake yen folk kang ngemu teges padha karo tembung *collectivity*, yaiku sakelompok pawongan kang duwe titikan tartamtu kaya dene ciri fisik, sosial, lan kabudayan. Tembung *lore* yaiku minangka tradhisi saka *folk*, kang ngemu teges perangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara turun temurun lan anggane medharake kanthi cara lisan utawa nggunakake *gerak isyarat*. Andharan kasebut bisa kadudut pangerten saka folklor, folklor yaiku salah sawijining kabudayan kang *kolektif*, sumebar lan diwarisake kanthi cara turun temurun, lan tradisional kanthi wujud lan versi kang maneka warna ing wujud kang lesan utawa *gerak isyarat*.

Folklor miturut Brunvand (sajrone Hutomo, 1991:8-9) bisa diperang dadi telu, yaiku:

- 1) Folklor lesan, awujud lesan kayata ungkapan tradisional, lelagon rakyat, puisi rakyat (pantun, syair, gurindam), pitakonan tradisional (teka-teki), lan crita rakyat (dongeng lan legendha)
- 2) Folklor setengah lesan, awujud campuran saka unsur lesan lan dudu lesan kayata drama rakyat (kethoprak, wayang, lodrug), tari rakyat (gambyong, srimpi, remo), kapitayan lan tahayul (gugon tuhon), upacara-upacara tradisional (klairan, manten, kepaten), dolanan tradisional (gobak sodor, betengan), hiburan rakyat, lan pesta rakyat.

Folklor dudu lesan, awujud ora lesan masiya gawene kanthi lesan, wujud arupa material kayata arsitektur rakyat, sandhangan, panganan rakyat, obat-obatan tradisional, alat musik, lan seni kerajinan rakyat sarta kang ora material, kayata musik (gamelan Jawa, Sunda, Bali) lan basa isyarat.

TRD iki uga mlebu sajrone wujud folklor setengah lesan. Ana ing TRD unsur lesan yaiku pocapan donga, bab ngenani cikal bakale anane TRD, lan ngenani makna kang kinandhut sajrone ubarampe. Dene dudu lesan yaiku wujud ubarampe lan hiburan ing TRD. Tradhisi iki wis ana wiwit biyen lan masyarakat ing kono nduweni kapercayan yen nglakoni tradhisi iku masyarakat bakal ayem tentrem. Saliyane iku ngenani tradhisi kang sumebar ing masyarakat bisa mujudake apa kang dadi kekeparepan wong kang menehi dupa lan dedonga ing Candhi Belahan bisa dijabahi, nanging panyuwune ora luput saka Gusti Kang Maha Kuwasa amarga kabeh miturut kapitayan dhewe-dhewe.

Konsep Tradhisi

Poerwadarminta (1976:108) ngandharake tradhisi yaiku sakabehe bab kayadene adat pakulinan, kapitayan, lan sapanunggal kang diwarisake dening para leluhur. Adat uga bisa ateges tumindak samubarang kang wis dadi pakulinan ing masyarakat, kabudayan minangka kesadaran *kolektif* ing masyarakat, uga nduweni makna kang jembar kayadene kompleks panguripan.

TRD iki uga kalebu adat. Adat istiadat Jawa bisa tuwuh lan ngrembaka wiwit jaman biyen (Suwarni, 2005:60). Wiwitane tuwuh lan ngrembaka ing kedhaton. Adat istiadat iki ngemot sistem tata nilai, norma, pandangan lan aturan panguripan bebrayan kang isih dilestarekake lan dikembangake minangka kearifan lokal nganti saiki. Suwarni (2005:61) ngandharake tradhisi minangka perangan saka kabudayan. Tradhisi uga minangka sakabehe adat, kapitayan, lan liya-liyane kang diwarisake kanthi cara turun temurun.

Konsep Fungsi

Kabudayan kang ditindakake masyarakat panyengkuyung kasebut nduweni piguna tartamtu. Masyarakat panyengkuyung kaya dene para pamudha kang bisa ngrembakake kabudayan kanthi kasebar amba ing urip bebrayan. Fungsi kang diduweni kabudayan iki nduweni tujuwan kanggo narik kawigaten masyarakat, supaya tetep ngugemi lan nglestarekake warisan budaya kasebut.

Fungsi sastra lisan sajrone masyarakat kang digunakake ing panliten iki yaiku nggunakake konsep fungsi saka Bascom amarga dianggep luwih trep kanggo ngonceki fungsi kang kinandhut. Fungsi sastra lisan kang ditemokake ana pitu nanging saka fungsi utamane miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:19) diperang dadi papat, yaiku: 1) minangka *sistem proyeksi*, yaiku sarana piranti kang dadi benggalaning angen-angen sawijine *kolektif*, 2) minangka piranti kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, 3) minangka piranti kanggo pendidikan bocah-bocah, 4) minangka piranti kanggo pameksan lan pengawas supaya norma-norma digugu dening masyarakat. Saliyane fungsi utama utawa pokok kaya kang diandharake miturut Bascom uga ana maneh fungsi liya minangka pengantar kang tuwuh saka anane pangembangan analisis. Fungsi kasebut ing antarane yaiku ana 5) minangka piranti hiburan, 6) minangka piranti tradhisi kang ngrembaka ing masyarakat, 7) fungsi solidaritas sosial, 8) kanggo nglestarike budaya, lan 9) fungsi ekonomi.

Konsep Makna Simbol

Herusatoto (1984:10) ngandharake tembung simbol asale saka tembung *symbolos* kang asale saka Yunani kang tegese tandha utawa ciri kang medharake samubarang menyang pawongan. Simbol ngandhut makna, tumindhak simbolis wong Jawa yaiku: 1) tumindhak simbolis ing agama, 2) tumindhak ing tradisi, 3) tumindhak simbolis ing seni.

Masyarakat Jawa lan simbol ora bisa uwal, jalaran sakabehane prastawa kang kaalami dening masyarakat bisa disimbolake. Tumindak simbolis sajrone masyarakat tradhisional minangka pralambang supaya bisa cedhak marang Gusti kang Maha Kuwasa. TRD iki nggunakake piranti kang arupa simbol utawa tandha. Simbol sajrone TRD ora mung awujud tembung, nanging bisa awujud barang utawa benda, kang bisa dadi pralambang kekarupane manungsa.

Konsep Nilai Budaya

Miturut Koentjaningrat (sajrone Sulaeman, 1998:28), medharake sistem nilai budaya awujud abstraksi adat istiadat. Wujud nilai budaya uga bisa ndadekake pandam pandoming kanggo nindakake panguripan. Mula, wujud nilai budaya sajrone masyarakat sejatine kanggo nganalisis kabudayan supaya luwih amba maneh.

Djamaris (1993:2) ngandharake yen nilai budaya kaperang dadi lima kategori kang gegayutane manungsa, yaiku a) nilai budaya kang gegayutan marang Allah SWT, gegayutan nilai budaya iki biyasane ngenani ketaqwaan, seneng donga, lan seneng pasrah marang Allah SWT, b) nilai budaya gegayutane manungsa marang donya minangka saperangane kauripan manungsa ing ngendi dheweke ana, amarga lingkungan uga wujud, werna, utawa dadi objek tuwuhe ide-ide lan pola pikir manungsa, mula nilai budaya kang onjo yaiku nilai kesatuan lan mungpangate daya donya, c) nilai budaya gegayutane manungsa minangka makhluk sosial kang gegayutan karo nilai ramah lan kesopanan, kasetyan, kajujuran, lan kawicaksanan kang diduweni marang manungsa siji lan manungsa liyane, d) nilai budaya kang gayutan marang

manungsa lan masyarakat yaiku nilai budaya musyawarah, gotong royong, tresna marang negarane, patuh marang adat lan keadilan, e) nilai budaya kang gegayutan marang individune dhewe, separoh saka perangan individu ngadepi perkara kang ana ing awake dhewe, upamane kahanan uripe dhewe kang didhasari sipat pribadine manungsa dhewe.

Lelandhesan Analisis

Lelandhesan analisis iki digunakake supaya luwih gampang anggone ngandharake babagan tradhisi iki. Wujud *TRD* minangka perangan saka folklor setengah lesan kanthi konsep kang dijlentrehake dening Brunvand. Babagan makna simbol kang ana ing *TRD* yaiku nggunakake konsepe Herusatoto. Konsep kang digunakake kanggo ngudhar fungsi *TRD* yaiku konsep fungsi miturut Bascom. Babagan nilai budaya apa kang ana ing *TRD* ditintingi nggunakake konsepe saka pamawas Djamaris.

METODHE PANLITEN

Panliten ngenani crita TRD ing Candhi Belahan iki arupa deskriptif kualitatif. Metode deskriptif kualitatif yaiku metode kang diteliti kanthi cara nyathet lan njlimet sarta kudu nлити sakkabehane kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca kanthi sarana wawancara, video, tape, dhokumen (Sudikan, 2001:85)

Panliten TRD nggunakake asil tintingan arupa dhata dheskriptif, ora mujudake angka utawa variabel siji lan sijine. Panliti uga bakal ngudharake apa kang dibutuhake banjur ngrungokake lan nyathet dhata saka informan. Kanthi tujuwan supaya bisa nganalisis dhata kang diolahake ing lapangan. Titikan kualitatif kasebut, bisa digunakake sajrone panliten TRD, uga menahi fungsi ing antarane yaiku digunakake dening panliti kang nduweni tujuwan nлити objek ngenani TRD ing Candhi Belahan, lan digunakake panliti kanggo nлити mula bukane kedadean TRD.

Sumber Dhatane Panliten

Sumber dhata *primer* ing panaliten TRD iki yaiku Bapak Todamun minangka juru kunci, Bapak Calyono minangka wong kang njaga gapura I, lan Bapak Soleh minangka kepala Desa Wonosunyo. Sumber dhata *sekunder* utawa sumber dhata tambahan ing panliten iki yaiku Bapak Muid minangka kepala BPBD kang menahi katrangan ngenani kahanan desa. Saka anane kaloro sumber dhata kasebut banjur bisa dadi dhata.

Dhatane Panliten

Dhata iki saka wawancara lan rekaman karo para *informan* masyarakat Desa Wonosunyo lan asil observasi ngenani TRD kang dadi sumber dhata. Wujud saka dhata lisan iki awujud tetembungan kang asale saka pangucapane para *informan* kang sabanjure ditranslit marang dhata tulis. Banjur yen dhata-dhata wis nglumpuk bakal disusun, dianalisis, intarprestasi.

Dhata dudu lesan arupa foto uga wigati kanggo panliti, kayata profil Desa Wonosunyo lan prosesi TRD. Foto bisa menahi katrangan deskriptif kang asring digunakake nлити dhata kang subjektif lan asile dianalisis kanthi cara induktif.

Teknik Anggone Nglumpukake Dhata

Teknik nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku:

(1) Observasi

Panliten nggunakake observasi kanthi cara langsung, supaya bisa ngasilake dhata kang valid lan jangkep ing lapangan. Kaluwihan teknik observasi iki panliten bisa njupuk dhata lan ngrasakake langsung.

(2) Wawancara

Teknik wawancara kang digunakake panliti ing sajrone panliten iki yaiku nggunakake teknik wawancara *semi struktural* amarga saliyane panulis nduweni anangan pitakon, nanging uga bisa nambahi pitakonan maneh menawa ana pitakon kang tuwuh nalika wawancara ditindakake kang sesambungan karo TRD. Teknik wawancara uga nindakake teknik ngrekam lan teknik nyathet. Teknik iki minangka panyengkuyung nalika nglakoni wawancara.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kanggo nlinti ngenani kadadean alam lan solah bawane manungsa (Sugiyono, 2008:102). Instrumen miturut Moleong (2011:168) yaiku piranti kanggo ngumpulake dhata. Saingga bisa kadudut, instrumen iki nyengkuyung banget anggone panliten ing lapangan. Saliyane iku, uga ana panemu liya saka Arikunto (2009:134) ngandharake instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo mbiyantu panliti anggone nggoleki dhata.

Instrumen panliten ing kene ana telung jinis, yaiku a) panliti, yaiku salah sawijine kang nindakake panliten iki. Ing sajrone panliten kualitatif panliti dadi instrumen kang utama (Moleong, 2009: 163), b) dhaftar pitakon, iki mengko dibutuhake nalika panliti nggolek informasi utawa katrangan ngenani TRD. Sadurunge panliti nindakake wawancara marang informan, dhaftar pitakon luwih dhisik kudu gawe, kanthi tujuwan kanggo antuk dhata utawa informasi saakeh-akehe saka informan, c) alat bantu utawa piranti kang nyengkuyung kanggo ngolehake dhata lan ngumpulake dhata-dhata panliten. Piranti utawa alat bantu kang dibutuhake sajrone panliten ngenani TRD, yaiku lembar observasi digunakake kanggo nyathet asil pengamatan kang dilakoni dening panliti, kamera HP digunakake kanggo njupuk gambar kagiyatan sajrone TRD lan ngrekam dhata nalika wawancara, lan kartu dhata kanggo nglasifikasikake dhata miturut masalah.

Tata Analisis Dhata

Teknik analisis dhata miturut Sudikan (2001:80) ana telu urutan kudu dilakoni yaiku: 1) *open coding*, cara kanggo nggolek dhata saakeh-akehe, 2) *axial coding*, cara nglumpukake dhata miturut kategorine, 3) *selective coding*, cara pamriksaan kategori buku kang nduweni gayutan karo kategori liyane nganti mujudake dudutan.

Tata cara nganalisis dhata lumakune TRD, yaiku: a) dhata asil saka observasi lan wawancara dicathet kabeh, b) dhata kang nglumpuk diprang miturut perkara utawa ngonceki asiling dhata saka lumakune TRD, teges mula bukane candhi, makna simbol, fungsi/piguna, lan nilai budaya kanggo masyarakat lan nglestarike tradhisi supaya ora ilang ing tembe mburi, lan c) menahi dudutan adhedhasar analisis saka sakabehing dhata kang ana.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Etnografi Desa Wonosuno

Etnografi miturut Spaedley (1997: 11) iki salah sawijine metode panliten kang kalebu kualitatif. Dhata etnografi iki oleh saka Kantor Kepala Desa Wonosuno. Panliti teka langsung lan golek dhata saka Lurah Desa Wonosuno banjur dibacutake menyang Sekretaris Desa lan diwangi kaliyan Kepala Dusun supaya gampang anggone nggoleki dhata Desa Wonosuno. Kanggo mangerteni masyarakat Desa Wonosuno, Kec. Gempol, Kab. Pasuruan ing ngisor iki bakal diandharake ngenani sesambungan gambar bebrayan sajrone TRD.

Kahanan Alam Desa Wonosuno

Desa Wonosuno kalebu salah sawijining desa kang manggon ing pereng Gunung Penanggungan ing Kecamatan Gempol. Tlatah Desa Wonosuno uga saka 16 desa lan bisa kaperang dadi nem padhukuhan, yaiku dhukuh Wonosuno I, dhukuh Wonosuno II, dhukuh Badut, dhukuh Betro, dhukuh Belahan Nongko, lan dhukuh Belahan Jowo. Ing sajrone Desa Wonosuno uga diprang dadi 35 RT lan 9 RW. Desa Wonosuno nduweni jarak udakara 10 Km saka pamerentahe Kecamatan Gempol ing Desa Karangrejo, Gempol, Pasuruan. Wewatesane Desa Wonosuno ing sisih lor karo Desa Jeruk Purut, sisih kulon karo Desa Kunjorowesi, sisih kidul karo Desa Sukoreno, dene sisih wetan wewatesan karo Desa Sumberuko.

Kahanan Bebrayan ing sajrone Desa Wonosuno

Kahanan bebrayan ing sajrone Desa Wonosuno bisa mujudake kahanan panguripan kang ana ing desa kasebut, kayadene struktur pamong desa, pendhudhuk Desa Wonosuno, pangupajiwa masyarakat Desa Wonosuno, agama, lan gegayutane kahanan karo TRD.

Sejarahe Candhi Belahan

Salah sawijine ciri saka sastra lisan nduweni jinis varian kang beda-beda jalaran sastra lisan kuwi nuduhake saka omongan wong siji lan sijine. Mula saka panliti nglumpukake varian-varian saka omongan wong siji mbaka siji. Ing kene bakal ngandharake mula bukane jeneng Candhi Belahan luwih ndhisik sadurunge mula buka candhine. Candhi Belahan sejatine wujud saka jeneng dhusun kang kalebu papan padunungan candhi. Warga menahi jeneng Candhi Belahan amarga papan padunungan ana ing dhusun Belahan Jawa. Supaya luwih cetha kaya andharan ing ngisor iki:

“*Diberi nama candi Belahan karena tempat candi didusun Belahan Jawa*” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Jarwane:

“Diarani Candhi Belahan amergi panggone candhi ana ing dhusun Belahan Jawa.” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Pamawas ing ndhuwur ngandharake yen tata letak Candhi Belahan iku meh padha karo jeneng dhusun. Babagan kasebut kang ndadekake dhusun katon maju amarga sistim pertanian. Mulane rata-rata pangupajiwa wong dhusun yaiku minangka buruh tani kanggo

njangkepi kabutuhan sabendinane. Kahanan alam kang nyengkuyung bisa ndadekake masyarakat bisa tandur maneka warna jinis rempah-rempah.

Tatarakit Tradhisi Ruwat Dhusun

Tata laku sajrone TRD kuwi ana pra pambuka, pambuka, inti, lan pungkasan. Salah sawijine pra pambuka TRD yaiku musyawarah. Dene pambukane ana arakan tumpeng, lan rebutan tumpeng. Tahapan inti adicara iki rituwal sawur kembang. Pungkasane adicara TRD yaiku tayub, ujug, lan ludruk.

1) Wiwitane Pambuka Tradhisi Ruwat Dhusun

Wiwitane pambuka TRD iki dilakoni sadurunge nindakake TRD, yaiku musyawarah karo prangkat desa, sesepuh, lan saperangan para warga kanggo ngerencanakake nata adicara tradhisi kasebut. Musyawarah dilakoni kanthi tujuwan supaya adicara kasebut bisa lumaku kanthi tumata. Wiwit saka musyawarah kang dipandhegani dening Pak Lurah minangka pandheganing desa, para sesepuh desa, ketua RT, RW, lan para warga kang lumrahe nduwe daya pangaribawa tumrap adicara tradhisi. Bab kasebut kayadene kang diandharake kaya ing ngisor iki:

“.....tradisi ini dilakukan setiap tahun sehingga para warga dikumpulkan dirumah pak kasun. Dibantu semua perangkat desa Wonosunyo seperti BPBD, RT, RW, tokoh masyarakat, dan ditanggung bersama” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Jarwane:

“..... tradhisi iki dilakoni saben taun kamangka para warga dikumpulake ing omah pak kasun. Diwangi karo kabeh pamarentah desa Wonosunyo kayadene BPBD, RT, RW, tokoh masyarakat, lan disengkuyung bareng-bareng.” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Adhedhasar andharan ing ndhuwur nuduhake yen para warga padha rembugan rong wulan sadurunge adicara tradhisi dilakoni babagan wulan kang digunakake adicara kasebut kanthi wulan Suro utawa besar, ing antarane wulan kasebut ana dina Legi. Sabanjure kuwi ditemtukake sapa wae kang kajibah dadi ketua panitia uga saperangan pakaryan kang dibutuhake, kayadene sekretaris, bendahara, humas, lan liya-liyane. Kanthi anane panitia kang mbentuk mau bisa ditata nalika adicara bisa dilaksanakake kanthi sakral lan katata. Panitiane yaiku saka para prangkat desa, ketua adat, lan sebagian masyarakat kang wis diutus cawe-cawe sajrone tradhisi.

2) Pambuka Tradhisi Ruwat Dhusun

Pambuka TRD yaiku adicara iki minangka adicara kang sadurunge mlebu punjere saka salah sawijining adicara. Adicara TRD kang wiwitan yaiku:

Arakan Tumpeng

Arakan tumpeng iku minangka salah sawijine adicara adat tradhisi kang dilakoni saben taun. Para warga desa padha nglumpukake anggane iuran kanggo tumpeng. Iuran tumpeng asale saka asil bumi kang ditandur karo buruh tani. Senajan akeh penggaweyan ing desa kasebut. Para buruh tani uripe tansah ayem tentrem sajrone nglakoni panguripan. Tumpeng kang wis dadi banjur dipasrahake dening pawongan kang kapilih pamangku adat, kayata wawancara kang diandharake ing ngisor iki:

“.....arakan tumpeng ancak, setiap warga memberikan sebagian hasil bumi atau tanaman yang sudah ditanam untuk dibagikan dan diserahkan kepada pemangku dusun....” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Jarwane:

“....arakan tumpeng ancak, saben warga menehake saperangan asiling bumi utawa tetanem kanggo didum-dumake lan diserahkan dening pamangku dhusun...” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Andharan wawancara Pak Calyono bisa dingerteni yen adicara arakan tumpeng iki minangka prosesi adicara adat kang kawiwitan. Wiwitane tumpeng digawe dening saben dhusun banjur dikumpulake dadi siji ing omahe pak kasun. TRD iki kalebu tradhisi swadaya saka masyarakat. Ubarampene tumpeng ancak asale saka asil tetanem para tani. Sawise tumpeng teka ana ing candhi, banjur tumpeng kapasrahake marang sesepuh pamangku adat tradhisi. TRD diwiwiti pambuka dening Bapak Soleh minangka kepala desa Wonosunyo lan dibacutake dedunga supaya tradhisi kang dilakoni kalampahan kanthi lancar.

Rebutan Tumpeng

Tumpeng kang digawe yaiku saka beras kang wujud krucut kayadene gunung. Nalika kang gawe tumpeng iku saben dhusun kang iuran saka asil tetanem warga sabendinane. Mulane bisa ngurangi biaya tradhisi. Adicara rebutan tumpeng iki diugemi dening masyarakat. Rebutan dilakoni supaya kabeh warga desa bisa entuk berkah saka apa kang para tani tetanem. Adicara rebutan tumpeng iki bisa ngraketake paseduluran ing antarane dhusun, kayata nalika nggawe ubarampene tumpeng. Tujuwan liyane saka adicara kasebut bisa silaturahmi. Salah sawijine kapitayan kang ana sajrone TRD minangka awujud rasa sukur marang Gusti. Kayata andharan ing ngisor iki:

“Tradisi Candi Belahan terpilih hari minggu legi bulan besar, karena mempunyai arti seperti warga desa baru musim.. Musim artinya apa yang ditanam dengan air candi itu hasil yang akan dipakai tumpeng candi, jika belum musiman tidak bisa iuran, karena tradisi ini membutuhkan biaya yang besar. Karena itu setiap KK atau setiap rumah memberi makanan hasil dari tanaman yang ditanam dengan tujuan

rasa kebersamaan menjunjung tradisi” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Jarwane:

“Tradhisi Ruwat Dhusun kapilih dina minggu legi sisi besar, amarga nduweni teges kayadene warga desa nembe musim. Musim ateges apa kang katandur nganggo banyu candhi iku asile bakal dianggo tumpeng sajrone tradhisi, dene durung musime ora bisa urunan, amergi tradhisi iki mbutuhake biaya gedhe. Mulane saben KK utawa saben omah menahi panganan asiling saka tetanem kanthi tujuan rasa bebarengan nyengkuyung tradhisi.” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Pethikan wawancara ing ndhuwur iku ngandharake yen tradhisi kasebut kalebu tradhisi swadaya kang nengenake wayahan. Wayah ing kene yaiku wayah wit randhu. Wektu lagi wayahe wit randhu, warga desa padha isa nyengkuyung tradhisi kanthi cara iuran nganggo wit randhu kang wis dituku dening wong liya. Warga bisa iuran, kaya mangkana bisa diarani gotong royong nglaksanakake tradhisi ing antarane dhusun. Senajan prasaja nanging nduweni makna kanggo nglestarike budaya Jawa kang saya suwi saya ilang amarga pangrembakane jaman.

3) Adicara Inti Tradhisi Ruwat Dhusun

Adicara inti iki kalebu minangka dadi punjere saka sawijining adicara. Ing TRD iki punjere yaiku rituwal sawur kembang. Rituwal sawur kembang kuwi adicara kang sakral lan nduweni maksud kanggo ngormati raja Airlangga kang wis mbaureksa dhateng desa. Ubarampe kembang kang digawe tradhisi yaiku kembang setaman. Ritual sawur kembang iku kapimpin dening sesepuh pemangku adat lan wong wadon kang gawa kendi miwiti tradhisi. Kendi kang digawa isine kembang setaman lan banyu punjer saka candhi kang diolah dadi siji. Dene pamangku adat nggawa piranti dupa lan cok bakal kang bakal diobong nalika tradhisi, kayata cuplikan wawancara ing ngisor iki:

“Ritual menabur bunga, acara ritual dipimpin oleh pemangku adat yang jadi perwakilan masyarakat yang melaksanakan ruwat dan menabur bunga dengan tujuan menghormati leluhur yang telah babat alas” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Jarwane:

“Ritual sawur kembang, adicara ritual kapimpin dening pamangku adat kang dadi sesulihe masyarakat kang nindakake ngeruwat lan sawur kembang kanthi tujuan ngormati leluhur kang wis mbabat alas” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Andharan wawancara ing ndhuwur mujudake yen ritual sawur kembang minangka pranata aturing

masyarakat kang isih diugemi ing masyarakat desa kabupaten Pasuruan, mligine desa Wonosuno. Ritual sawur kembang iki nduweni makna yaiku kanggo ngormati leluhur kang wis mbabat alas. Kabukten saka tradhisi kang dilaksanakake wiwit biyen lan Raja Airlangga kang bisa mbebasake saka jajahan. Piyambake uga bisa nglurug tahta mungsuhe. Perjuwangan kang ora gampang ndadekake warga nindakake ritual iki nganti jaman samangke. Saliyane kuwi, tradhisi ritual sawur kembang kang dilakoni ritual tradhisi banjur pamangku adat dedonga supaya desa iki ora kena bebaya.

4) Panutup Tradhisi Ruwat Dhusun

Panutup sajrone adicara TRD yaiku adicara kang panutup sawise adicara inti wis kalakon. Panutup adicara padatane arupa hiburan kanggo nyenengake warga kang wis makarya nganti seprene. Adicara panutup sajrone TRD kaperang dadi telu yaiku:

Tari Tayub

Tari tayub iku kesenian tradhisional kang kudu dilestarike. Tari tayub dilakoni sapasang wong lanang lan wadon kang kairing gamelan lan tembang kayata gambar kang ana ing ngisor. Tujuan tari iki dilaksanakake yaiku kanggo menahi panglipur marang masyarakat desa. Kajaba kuwi, tari iki bisa nepangake budaya Jawa marang para pamudha supaya ora muspra ing jaman tembe. Apa maneh jaman saiki, akeh budaya kang wis antuk pangaribawa globalisasi, nanging desa iki isih nglestarike tradhisi kang wis ana ing jaman mbiyen. Tari tayub iki dilaksanakake ing Candhi Belahan. Para warga padha gelem ngleluri tari tayub supaya ora muspra kalindhah kabudayan manca. Andharan kasebut adhedhasar asil wawancara iki:

“...seni tradisional Jawa yang bisa menjadikan masyarakat senang dan dalam tembang mengandung nilai sejarah yang bisa mendukung dan mengembangkan kehidupan masyarakat” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Jarwane:

“...seni tradhisional Jawa kang bisa ndadekake masyarakat bungah lan sajrone tembang ngandhut nilai sejarah kang bisa nyengkuyung lan ngrembakake panguripane masyarakat” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Cuplikan wawancara ing ndhuwur nuduhake yen seni tradhisional kayadene tari tayub iki kudu dilestarike nganti anak putu ing jaman tembe. Dene tari tayub iki wis dilakoni wiwit jaman mbiyen. Para tari tayub wadon ing kene diarani tledhek. Tari tayub ing pagelaran TRD bisa narik kawigaten kang nyebabake wong lanang kapengin mbeksa karo penari, amarga wong lanang iki minangka objek para tledhek kanggo mbeksa bebarengan lan dikarepake bisa menahi imbalan arupa dhuwit utawa

sawer. Kamangka ana adicara tradhisi candhi, warga ngerti ngenani budaya Jawa kang isih ngrembaka ing desane.

Ujung utawa Uyon-uyon

Ujung yaiku seni tradhisional kang ditindakake saperangan wong kang dolanan penjalin rotan kang dak upamane pedhang kanggo nglawan mungsuh. Kaloro wong kasebut padha nyerang awake dhewe kanggo tansah njaga kakuwasane. Adicara iki mung dilakoni kanggo wong lanang kemawon amerga kahanane bisa bebayan marang liyan. Saengga warga kang tumut prosesi kudu ora nyedhaki nalika prosesi uyon-uyon kaleksanan. Uyon-uyon dilaksanakake ing omahe pak Kasun. Para warga isih ngugemi tradhisi uyon-uyon jalaran yen ora nglakoni bakal ana bebaya ing desa Wonosunyo. Ana pawongan wong kang ngandharake uyon-uyon iki meh padha tari ngremo kayata pethikan wawancara ing ngisor iki:

“Uyon-uyon itu tradisi yang dilakukan mulai dari dahulu. Setelah tradisi candi Belahan dilaksanakan terlebih dahulu, selalu ada acara uyon-uyon yang tidak bisa ditinggalkan karena akan ada kejadian yang buruk didesa. Uyon-uyon mempunyai arti tandakan atau tari. Uyon-uyon hampir sama seperti tari ngeremo. Bedanya hanya warga desa yang mbeksa kepada penari.” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Jarwane:

“Uyon-uyon iku tradhisi wiwit jaman biyen. Sawise TRD ditindakake luwih dhisik, mesti ana acara uyon-uyon kang ora bisa ditinggalake amergi bakal ana cilaka ing desa. Uyon-uyon nduweni teges tandakan utawa tari. Uyon-uyon meh padha kaya tari ngeremo. Bedane mung warga desa ana kang mbeksa marang penari.” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Pethikan wawancara kasebut nuduhake uyon-uyon iki salah sawijine adicara TRD kang ora bisa ditinggalake. Tradhisi iki nduweni fungsi kang digunakake kanggo panglipure masyarakat. Kajaba kuwi, adicara uyon-uyon dilaksanakake kanggo mancing mudhune udan. Mulane para warga nglaksanakake adicara iki senajan kudu ngorbanake awake kang sehat dadi lara kaya mangkono. Miturut Bapak Calyono ngandharake adicara uyon-uyon isih ana sambung rakete karo crita mula bukan Candhi Belahan, yaiku wektu jaman pamerintahan Raja Airlangga kang tansaya maju lan makmur ing bidhang pertanian kayata pethikan wawancara iki:

“Dulu acara uyon-uyon dilakukan setelah ritual candi sudah terlaksana. Hubungan dilaksanakan uyon-uyon dijamin sekarang, adalah waktu jaman pemerintahan Raja Airlangga memimpin kahuripan, mereka bisa membuat hasil pertanian lebih maju dan makmur di jaman pemerintahan Raja Airlangga memimpin kahuripan. Karena itu warga melakukan acara uyon-uyon dengan tujuan hiburan kanggo

masyarakat. Ujung, tari tradisi ini dilakukan dimusim ketiga yang digunakan untuk memancing turunnya air hujan dan bisa memberi subur disawah para tani.” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Jarwane:

“Wiwit biyen adhicara uyon-uyon dilakoni sawise ritual candhi wis kalaksanan. Gegayutane dilaksanakake uyon-uyon ing jaman samangeke, yaiku nalika jaman pamarentahan Raja Airlangga mimpin kahuripan kuwi, piyambake bisa agawe asile sistim pertanian kang katon maju lan makmur ing jaman pamarentahane Raja Airlangga mimpin Kahuripan. Mulane warga nindakake adhicara uyon-uyon kanthi tujuan hiburan kanggo masyarakat. Ujung, tari tradhisi iki dilakoni ing mangsa katiga kang digunakake kanggo mancing mudhune banyu udan lan bisa paring subur ing sawah para tani.” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Pamawas wawancara Pak Calyono medharake adicara uyon-uyon iki nduweni gegayutan karo mula bukan Candhi Belahan. Kanthi guna, supaya bisa nglipur atine masyarakat lan bisa mancing mudhune udan. Ing mangsa katiga, masyarakat ngarepake yen dilaksanakake adicara samenika bisa udan saingga sawahe buruh tani tansaya subur. Uyon-uyon ditindakake sawise rituwal sawur kembang. Tradhisi adat kasebut wis dadi perangan panguripane masyarakat lan tansah dadi pranata tatacara kang ditindakake dening masyarakat. Mula urip orane tradhisi kasebut gumantung masyarakat penyengkuyunge.

Ludruk

Saben taun desa Wonosunyo mesthi dilaksanakake adicara ludruk supaya masyarakat bisa tetepangan kaliyan tradhisi utawa budaya Jawa. Sajrone pagelaran ludruk paraga wis katemtukake lan teks drama wis kasusun. Saliyane kuwi, crita kang kagawa sajrone ludruk nduweni nilai sejarah kang wigati lumantar drama kang disajekake, kayata andharan wawancara ing ngisor iki:

“Ludruk, seni tradisi Jawa lelucon yang isinya tentang sejarah dan perlu dilestarikan supaya acara ini tidak hilang....” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Jarwane:

“Ludruk, seni tradhisi Jawa guyonan kang isine ngenani sejarah lan perlu dilestarikake supaya adicara iki ora muspra....” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Adhedhasar andharan ing ndhuwur ngandharake seni tradhisi ludruk kudu dilakoni sawise rituwal tradhisi candhi rampung. Adicara ludruk nduweni fungsi kanggo nglestarikake budaya Jawa supaya ora saya ilang jalaran pangrembakane jaman. Ludruk iki uga kalebu seni ciri

khas drama tradhisional ing Jawa timur. Crita lan basa kang digunakake gampang dingerteni dening masyarakat. Mulane para warga isih nyenengi drama tradhisional ludruk kang digelar saben taun pisan.

Ubarampe lan Makna sajrone Tradhisi Ruwat Dhusun

Ing adicara TRD uga nggunakake ubarampe kang dipercaya masyarakat menehi makna tumrap masyarakat nyengkuyung anane tradhisi iku. Bukti yen tradhisi kasebut nggunakake maneka warna ubarampe utawa sajen bakal diandharake ing ngisor iki:

Makna Ubarampe ing Tumpeng Ancak

Ubarampe tumpeng ancak yaiku asil saka pertanian kang ditandur dhewe karo para tani. Saingga masyarakat ora prelu nuku ubarampe kang dibutuhake sajrone tumpeng. Tumpeng ancak iki meh padha kaya tumpeng kang padatane digawe masyarakat. Ing kene tumpenge ana loro yaiku tumpeng bucet lan tumpeng bokor. Tumpeng bucet kayadene, tumpeng kang siji isine arupa maneka warna tumpeng kang kasajekake kayata buah, krupuk, lan saliyanane. Dene tumpeng bokor iku mung maneka warna iwak kang wis dipanggang. Iwake kang dipasang iki siraha dilebokake ing pinggire sega putih.

Makna Ubarampe ing Rituwal Sawur Kembang

Ritual tabur bunga iki tradhisi kang wis asring dilakoni sataun pisan ing Candhi Belahan. Masyarakat ora tau ninggalake tradhisi kabiasaan tradhisi kang kalaksanan wiwit jaman mbiyen. Kanthi owah gingsire jaman, para warga nglakoni TRD, amerga ngormati jasa leluhur kang wis mbabat alas desa. Ing kauripane saben dinane, Candhi Belahan diresiki nganggo piranti kang prasaja. Reresik Candhi Belahan biyasane ditindakake dening juru kunci kang wis ngerteni mula bukane ngenani candhi, kayata pethikan wawancara ing ngisor iki:

“Ubarampe yang digunakan ritual dusun adalah kembang setaman dan cok bakal. Jika setiap hari membersihkan sikat hijau, sapu lidi yang kecil” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Jarwane:

“Ubarampe sing digawe ritual ruwah dhusun yaiku kembang setaman lan cok bakal. Dene saben dina ngresiki ndamel sikat ijo, sapu lidi sing alit” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Pamawas ing ndhuwur nuduhake sawetara piranti ubarampe kang digunakake kanggo ngresiki Candhi Belahan. Kang mbedakake piranti ubarampe kang digunakake nalika ritual lan ngreseki saben dinane dening juru kunci. Saben dinane juru kunci reresik candhi nggunakake sikat ijo, sapu lidi kang alit. Suwalike iku nalika tradhisi candhi iki beda ubarampe kang digawe. Ubarampe kembang setaman lan cok bakal dianggo TRD nalika ritual tabur kembang utawa reresik candhi. Ritual Candhi Belahan yaiku tradhisi kang nduweni tujuan minangka wujud ngresiki desa saka bebayan ing mangsa samangke. Perangan ubarampe ing ritual sawur kembang yaiku ana kembang setaman, kendhi, dupa, lan cok bakal.

Piguna Tradhisi Ruwat Dhusun ing Masyarakat

Sajrone tradhisi kasebut nduweni piguna kanggo masyarakat. Piguna TRD iki bisa didelok saka kahanan kang ana ing masyarakat supaya bisa salaras karo apa kang ditumindaki. Kamangka piguna kasebut bisa dijlentrehake luwih jangkep ing ngisor iki:

Piranti kanggo Proyeksi Masyarakat

TRD minangka piranti kanggo ngandharake kaya apa kang dikarepake lan diangen-angen dening masyarakat. Fungsi sistem proyeksi sajrone TRD yaiku minangka simbol supaya nalika proses tradhisi bisa kalampahan kanthi lancar. Anane tradhisi kasebut menehi pangarep-arep marang masyarakat supaya masyarakat diparingi slamet anggone urip ing alam donya. TRD minangka piranti kang dikarepake dening masyarakat. Angen-angen iki bisa dideleng saka ubarampe, wangunan sejarah, lan tujuan isih nglestarikake TRD, yaiku sakabehane masyarakat desa Wonosunyo tetep diwenehi keslametan. Andharan kaya pethikan wawancara kang diandharake ing ngisor iki:

“Fungsi ubarampe yang terkandung dalam tradisi untuk masyarakat yang membantu itu mbak supaya desa ini bisa ayam tentrem.” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Jarwane:

“Fungsi ubarampe kang kinandhut sajrone tradhisi kanggo masyarakat ingkang nyengkuyung iku mbak supaya desa iki bisa ayam tentrem.” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Pethikan wawancara bisa didudut yen TRD ana sesambungan antara manungsa karo Gusti lan anane ubarampe kang dipercaya dening masyarakat kalebu simbol. Ubarampe kang sajrone TRD kasebut, ancane yaiku kanggo mageri desa supaya adoh saka bebaya. Saka ubarampe kang digunakake minangka simbol makna anggane masyarakat nyenyuwun marang Gusti supaya tetep diwenehi keslametan. TRD uga menehi pangangen-angen tumrap masyarakat panyengkuyunge ing mangsa ngarep. Mulane masyarakat desa kasebut nduweni kapitayan kang kuwat kanggo nindakake TRD, lan percaya bakal ana bebaya yen ora dilakoni.

Piranti kanggo Pangesahan Pranata-pranata lan Lembaga Kabudayan

Warga uga isih percaya Candhi Belahan nduweni bab mistis, saengga yen ana warga kang bakal duwe hajat kudu nglakoni ritual slametan ing candhi. Kanthi tujuan tradhisi isih ditindakake dening masyarakat supaya hajat kang digelar bisa lancar lan ora ana alangan. Kamangka ana salah sawijine warga mbiyen tau ora gawe sesajen iku kena bebaya sawise adicara kasebut. Banjur para warga kamitenggengen ngerti kadadean kaya mangkana, saengga ndadekake para warga ora bakal

ninggal tradhisi menahi tumpeng sadurunge hajat ing omahe, kayata pethikan wawancara ing ngisor iki:

“....jika warga mempunyai hajatan atau khitanan, biasanya harus melakukan membawa tumpeng ke Candi Belahan dengan tujuan supaya diberi keselamatan tanpa adanya halangan dan berkah karena telah diberi do'a dicandi tersebut” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Jarwane:

“....warga yen nduwe sunatan utawa khitanan, biyasane kudu numindaki gawa tumpeng dhateng Candhi Belahan kanthi tujuwan supaya diparingi kaslametan tanpa alangan menapa-napa lan berkah nalika didongani ing candhi kasebut” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Pethikan wawancara saka pak Todamun ing ndhuwur nuduhake yen aturan kasebut kang wis nyata-nyata uga ditindakake dening masyarakat, ora bakal ditinggalake. Kabeh kuwi amarga kapitayane warga kang saben panyuwunan bisa dadi kasunyatan. Tuladhane masyarakat kang nduweni hajat utawa arep nduwe gawe isih percaya marang tradhisi kang wis turun temurun dilakoni supaya diparingi slamet, hajate lancar, lan ora ana alangan. Tradhisi iki nuduhake menawa candhi isih dianggep wewangunan kang suci lan nduweni bab kang mistis.

Piranti Pendhidhikan

Wujude Candhi Belahan iki asring ditekani bocah-bocah sekolah nganti masyarakat umum kanggo ndeleng bukti sejarah kang isih ana ing jaman saiki. Cara nglasarikake Candhi Belahan iki uga bisa kanthi crita mula bukane kang dadi sarana kanggo nepangake bukti sejarah lan nilai budaya kang kinandhut sajrone Candhi Belahan. Saliyane iku mula bukane candhi iki nduweni nilai budaya kayata rasa syukur marang Gusti, tumindhak adil, lan liyane. Bapak Soleh minangka kepala desa wis ngupaya menahi surat dhateng dinas nanging durung kasil, kayata pethikan wawancara ing ngisor iki:

“Saya menginginkan bisa dibantu dari dinas pariwisata supaya candi Belahan lebih diperhatikan dan semakin banyak pengunjungnya. Sebelumnya saya pernah memberi surat untuk merubah kondisi candi yang rusak, tetapi tidak ada hasilnya” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Jarwane:

“Kula kapengin oleh pambiyantu saka dinas pariwisata supaya Candhi Belahan luwih digathekake lan tansaya akeh pangunjunge. Sadurunge kula tau maringi surat kanggo ngowahi kahanan candhi kang rusak, nanging ora kasil” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Pethikan wawancara ing ndhuwur nuduhake pamarentah kurang wigati kanggo ningkatake sarana lan

prasarana ing sakitaran candhi. Namung masyarakat saubengane kang kudu sadar njaga lan nglestrikake paninggalan wangunan candhi ing mangsa majapahit, jalaran candhi kasebut kalebu bukti sejarah desa. Salah sawijine paninggalan sejarah kang isih utuh wangunane ing kabupaten Pasuruan senjata durung ana kasil kepriye tumindake pamerintah, masyarakat ngupaya nepangake nilai budaya sajrone crita Candhi Belahan.

Piranti Pameksan lan Pengawas supaya Norma-norma Digugu dening Masyarakat

Candhi Belahan uga panggonan kang suci iki kang isih dadi kapitayan masyarakat kanggo nerapake yen ora sembarang wong bisa tumuju cedhak ing panggone. Ana watesan kanggo wong wadon kang arepe njupuk banyu kang akeh khasiate. Salah sawijine bab kang ora entuk mlebu yaiku wong wadon kang lagi dhatang bulan iku kalebu durung suci kudu ngadohi panggonan candhi kasebut, jalaran ana bebaya. Masyarakat kang isih suci bakal entuk mlebu jroning Candhi Belahan, kayadene pethikan ing ngisor iki:

“Jika untuk orang perempuan yang datang bulan (haid) tidak boleh masuk sini karena akan ada bahaya dalam dirinya sendiri, seperti kesurupan. Jadi candi ini tempat yang suci” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Jarwane:

“Yen damel wong wadon dhatang bulan (haid) ora oleh mlebu ngriki amergi bakal kena cilakane dhewe kayata bisa kesurupan. Dadi candhi iki panggon kang suci” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Adhedhasar pehikan wawancara ing ndhuwur nuduhake wujude Candhi Belahan kang wis diwangun ing mangsa Majapahit iku kalebu sakral, saengga ndadekake Candhi Belahan iki isih digunakake masyarakat minangka panggonan nglakoni tradhisi amarga dianggep nduweni bab kang mistis. Kanthi anane kadadayan kaya mangkono masyarakat desa Wonosunyo ora wani nglanggar supaya ora ana kadadayan kang nggawa cilaka. Norma lan aturan kang diugemi masyarakat dhewe tanpa anane aturan kang tinulis.

Piranti Hiburan

TRD nduweni piguna minangka piranti hiburan. Masyarakat uga ndadekake tradhisi kasebut minangka sarana hiburan supaya bisa narik kawigaten masyarakat mligine para pamudha. Sarana hiburan sajrone tradhisi kang tansah dienteni masyarakat amarga adoh saka ramene kutha lan isih kurange kawruh masyarakat ngenani hiburan. Adicara TRD dadi piranti nyenengake saka donya kang nyata saengga bisa ngowah-owahi pakaryan kang mboseni dadi pakaryan kang nyenengake. Miturut Bapak Todamun, sajrone tradhisi iki kaseselan lelipur kanggo

masyarakat, kayadene uyon-uyon, lan ludruk, kayata pethikan wawancara ing ngisor iki:

“Setelah tradisi candi Belahan itu ada acara uyon-uyon dan ludruk dengan tujuan supaya jadi hiburan para warga desa. Sedangkan uyon-uyon biasanya dilaksanakan dipentirnaan jika tidak terlaksana salah satu keadaan warga akan terkena bahaya didesa seperti apes” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Jarwane:

“Sabubare TRD kuwi ana saperangan adhicara uyon-uyon lan ludruk kanthi tujuwan supaya bisa dadi hiburan para warga desa. Dene uyon-uyon biyasane dilaksanakake dhateng pentirnaan yen ora kalaksanan salah sawijine kahanan warga bakal kena bebaya ing desa kayata apes” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Cuplikan pethikan wawancara saka pak Todamun ing ndhuwur medharake TRD nduweni saperangan hiburan kanggo masyarakat. Hiburan kang kudu ana sajrone acara tradhisi kasebut, mligine uyon-uyon. Adhicara uyon-uyon mesthi dilakoni sawise tayub lan prosesine ditindakake saben taun pisan. Kadadean bebayan kasebut minangka akibat ora nglakoni tradhisi. Masyarakat uga percaya apa kang wis dadi tradhisi nenek moyange kang ditindakake turun temurun yen ora dilakoni bakal menahi bebaya kanggo kabeh masyarakat. Nanggap uyon-uyon bisa nguri-uri budaya kang diwarisake dening para leluhur, supaya masyarakat bisa mangerteni paedah saka seni lan budaya kang kinandhut ana ing tradhisi kasebut. Tradhisi iki uga kebak nilai kang bisa ndadekake owah pamikiranane masyarakat, amarga bab kang sadurunge mboseni bisa dadi nyenengake. Saka adicara TRD bisa didudut yen tradhisi kasebut bisa menahi hiburan lan nyukupi kabutuhan manungsa.

Piranti Tradhisi kang Ngrembaka ing Masyarakat

Piranti tradhisi kang ngrembaka lan isih dipercaya masyarakat desa Wonosunyo yaiku TRD. Tradhisi iki tetep dilaksanakake nganti saiki ing saubengane candhi. Masyarakat kang taksih percaya karo kapitayan nenek moyang bakal nganakake tradhisi. Dhana kang dianggo ora ndadekake perkara dening masyarakat, amarga warga ora pengin ngalami kadadeyan kang ora dipengini kaya jaman biyen. TRD iki ditindakake saben taun kanggo nuduhake rasa syukur marang Gusti. Anane kapitayan masyarakat kang ndadekake tradhisi isih dilestarekake nganti saiki. Adicara kang kudu ana lan ora entuk ditinggalake sajrone tradhisi yaiku adicara uyon-uyon, kayadene pethikan wawancara ing ngisor iki:

“Tradisi ruwah dusun masih dilaksanakan setiap tahun dicandi Belahan. Tradisi iku termasuk tradisi swadaya. Dulu para tokoh masyarakat pernah bermusyawarah supaya tidak memberatkan warga 300 juta setiap KK, lalu tradisi tidak dilaksanakan. Para tokoh menginginkan dua tahun sekali, tetapi tidak

melakukan setahun yang jadi pusat dicandi sudah mati atau tidak keluar jika tidak dislameti menggunakan uyon-uyon. Oleh karena itu para warga desa sekarang, tidak pernah putus melakukan tradisi” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Jarwane:

“Tradhisi ruwah dhusun isih dilaksanakake saben taun ing Candhi Belahan. Tradhisi kuwi kalebu tradhisi swadaya. Biyen para tokoh masyarakat tau ngrembug supaya ora ngabotake warga mbayar 300 juta saben KK, banjur tradhisine ora dilaksanakake. Para tokoh kapengine kalih taun sapisan, nanging ora kalakon sataun kang dadi punjer ing candhi kasebut wis mati utawa ora metu yen ora dislameti nganggo uyon-uyon. Mulane para warga desa saniki, ora tau pedhot nglakoni tradhisi” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Pamawas pethikan wawancara saka pak Calyono ing ndhuwur TRD dilakoni kanthi cara ngumpulake iuran saka masyarakat. Bebaya kang tau tumeka iku ndadekake kauripan masyarakat rada risi amarga tradhisi asale saka para leluhur yen ora dilakoni bakal ana akibat yaiku punjer banyu candhi bisa pejah. Kamangka banyu candhi iku minangka panjangkepe kauripane masyarakat, mligine pengairan sawah, masak, lan saliyane. Mulane masyarakat isih ngugemi tradhisi kang ana ing Candhi Belahan, supaya sakabehane kauripan lancar. Gunane candhi kang isih ngrembaka ing masyarakat yaiku anane TRD nganti jaman samangke. Saka pethikan wawancara ngenani bab bebaya kang ndadekake masyarakat ora tau ninggalake bab budaya Jawa kang awit biyen wis ditindakake ing Candhi Belahan.

Fungsi Solidaritas

TRD iki bisa nuwuhake lan ningkatake rasa solidaritas. Rasa solidaritas yaiku rasa kasetyakawanan tumrap sapepadhane. Solidaritas sosial sajrone TRD bisa kadelok saka warga padha mbiyantu gawe tumpeng ancak. Masyarakat desa Wonosunyo kang isih ngugemi tradhisi Jawa kayadene tandang gawe antarane liyan isih tansah guyubi. Tuladhane ubarampe tumpeng ancak kang maneka warna iku agawe masyarakat nduweni panemu kanggo iuran supaya ora ngabotake biaya sajrone tradhisi. Saben dhusun kudu gawe siji tumpeng ancak lan dikumpulake dadi siji ing omahe pak kasun. Panemu kaya mangkono ora bakal ngabotake masyarakat desa, amarga tradhisi kasebut disengkuyung bebarengan. Saliyane kuwi, masyarakat kang melu kegiatan bisa ngumpul karo masyarakat liyane saengga ngraketake paseduluran antaraning masyarakat.

Mulane bisa didelok saka kene yen kita minangka manungsa ora bisa urip dhewe lan mbutuhake pambiyantu marang wong liya, kalebu adicara TRD. Tumpeng ancak kang kagawe saka asile tetanem para warga iki minangka wujud iuran kanggo nindakake tradhisi kang saben taun dilakoni. Iku nggambarake yen ora mung salah sawijine pawongan warga kang gawe

tumpeng, nanging uga minangka rasa solidaritas masyarakat kang mbutuhake bantuan marang dhusun liyane. Kabeh padha nyengkuyung adicara kang ditindakake bisa lumaku kanthi lancar nganti pungkasan adicara. Ing desa Wonosuno senjata akeh warga kang makarya buruh tani utawa pabrik nanging ora ninggalake rasa paseduluran yen ana kang mbutuhake bantuan.

Kanggo Nglestarikake Budaya

TRD yaiku tradhisi kang kagolong swadaya. Tradhisi iki kudu ngempalake papat dhusun ing omahe pak kasun kanthi tujuwan bisa mbiyantu warga antarane siji karo liyane. Sejatine masyarakat taksih njaga kalestarene budaya kang ana ing dhaerahe. Salah sawijine warga wis nepangake marang anak putune supaya ngerteni yen desane nduweni budaya Jawa lan kudu dilestarikake. Mulane, warga tetep nguri-uri tradhisi supaya desa Wonosuno nduwe khas budaya dhewe, kayata pehikan wawancara ing ngisor iki:

“Cara melestarikan tradisi setiap tahun dengan cara musyawarah sedusun khususnya Belahan Jowo dan Belahan Nangka. Dusun itu membentuk kepanitiaan untuk melestarikan salah satu tradisi candi Belahan yang harus dilaksanakan” (Pak Muid, 15 April 2017)

Jarwane:

“Cara nglestarikake tradhisi saben taune kanthi cara ngrembug sadhusun mligine Belahan Jowo lan Belahan Nangka. Dhusune iku mbentuk kapanitiaan kanggo nglestarikake salah siji TRD kang kudu dilakoni.” (Pak Muid, 15 April 2017)

Cuplikan wawancara saka Pak Calyono medharake yen sadurunge adicara TRD kalaksanan kudu dirembug karo warga liyane, kayata apa wae kang dibutuhake, biyane pira, uga mbentuk panitia supaya adicarane lumaku lancar lan ana kang ngatur sasuwene acara kaleksanan. Masyarakat desa Wonosuno nduwe pepenginan bisa nglakoni lan nyengkuyung supaya TRD iki ora muspra akibat pangrembakane jaman. Para warga tresna budayane dhewe, ora namung budaya saka njaba kang disenengi nanging budaya desane uga kudu diuri-uri supaya ora nganti ilang nganti jaman seprene.

Fungsi Ekonomi

Fungsi kang pungkasan saka anane TRD, yaiku fungsi ekonomi. Adicara TRD uga menahi piguna ekonomi tumrap masyarakat kayata kabegjan marang para bakul kang nggelar dodolan ing sakupenge candhi. Nalika adicara kasebut dilaksanakake, akeh para bakul dadakan kang gelar dagangane awit bakul *bakso*, *es*, pentol, gorengan, jajan, klambi, nganti dodolan dolanan ngumpul dadi siji ana ing sakupenge candhi. Adicara tradhisi kang ditindakake para warga iki menahi hiburan uga berkah tumrap sakabehane masyarakat kang ana ing sakupenge candhi uga kang ana ing sajabane candhi, kayata andharan ing ngisor iki:

“Warung tersebut berjualan bakso, mainan anak-anak, dan lain-lain. Menurut saya mbak, dagangan disini sangat menguntungkan pedagang yang dari luar maupun dalam desa.” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Jarwane:

“Warung kasebut dodolan *bakso*, dolanan bocah cilik, lan sapiturute. Miturut kula mbak, dagangan ing kene nduweni kauntungan tumrap para dagangan mligine warga kang ana sajabane candhi utawa sakupenge candhi.” (Pak Calyono, 14 April 2017)

Pamawas ing ndhuwur medharake yen TRD menahi berkah dhewe mligine kanggo para bakul dadakan kang padha teka nalika tradhisi ditindakake, yaiku bisa nambahi dhuwit. Dagangan kang ditawakake nalika adicara TRD kayata *bakso*, dolanane cah cilik, pentol, lan jajanan-jajanan liyane. Bab kasebut mujudake yen TRD pancen nduweni daya pangaribawa kang gedhe kanggo masyarakat panyengkuyunge. Biasane mung oleh dhuwit sethithik nanging nalika anane TRD kasebut, masyarakat akeh kang padha tuku jajan. Mulane dagangan warga desa Wonosuno iki nduweni piguna ekonomi tumrap wong bakulan.

Nilai Budaya Tradhisi Ruwat Dhusun

TRD nuduhake nilai budaya kang bisa gegayutan marang manungsa liyane. Nilai budaya ing kene bisa tuwuh ora sengaja lan nduweni piguna kanggo pedoman urip ing bebrayan. Nilai budaya bisa diandharake kaya ing ngisor iki:

Nilai Budaya kang Gegayutan Manungsa marang Gustine

Saben manungsa mbutuhake bab ngenani kabutuhan jasmani lan rohani. Kabutuhan rohanine manungsa kanthi naluriah wis bisa dirasa saka pribadine tumrap Pangriptane. Kabeh manungsa nglakoni urip mesti ana pacoban dening Gustine. Ora ana manungsa kang uripe penak wae, mesthi ana ujian kang kudu diadhepi dening manungsa. Sajrone TRD, gegayutane antara manungsa lan Gustine, yaiku minangka wujud rasa syukur warga kanggo maringi kalancaran dhateng adicara kang bakal ditindakake. Nalika warga tau kena bebayan, merga penyebab ora dislameti, kayata pethikan wawancara ing ngisor iki:

“Warga jika mempunyai hajatan atau khitanan, biasanya harus melakukan bawa tumpeng ke Candi Belahan dengan tujuan supaya diberi keselamatan tanpa halangan apapun dan berkah ketika dido'akan dicandi tersebut” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Jarwane:

“Warga yen nduwe hajadatan utawa khitanan, biyasane kudu numindaki gawa tumpeng dhateng Candhi Belahan kanthi tujuwan supaya

diparingi kaslametan tanpa alangan menapana lan berkah nalika didongani ing candhi kasebut” (Pak Todamun, 14 April 2017)

Cuplikan wawancara ing ndhuwur medharake apa kang dialami warga nalika kena bebayan kanggo salah sawijine warga minangka dielingake Gusti kanggo apa kang ana ing alam donya iki kagungane Gusti. Pacoban kasebut tumeka, jalaran warga ora nglakoni slametan. Slametan kang biyasane dilakoni warga sadurunge nduweni gawe ing omahe. Nilai budaya iki uga isih ditindakake karo warga nganti seprene kanthi anane kapitayan seneng donga. Amarga papan panggonane sepi, saengga masyarakat bisa nyuwun donga apa kang dikarepake kanthi khusus. Kapitayan masyarakat ing desa isih raket nindakake seneng donga marang Gustine. Masyarakat percaya apa kang daklakoni bisa menehi kasil karo apa kang dipengini kawujud. Tumindak seneng donga kang paling apik kanggo njupuk wigatine Gusti, jalaran bakal tetep kelingan marang Gusti. Seneng nyuwun pepenginan marang Gusti bisa dadi kekasihe lan Gusti Allah uga luwih wigati marang manungsa kang tlaten dedonga.

Nilai Budaya kang Gegayutan Manungsa marang Alam Donya

Nilai budaya kang gayutake manungsa marang alam donya kang ana hubungane iki minangka kesatuan kauripan manungsa ing ngendi wae. Manungsa kudu bisa wicaksana ngolah alam donya, ora pareng sembrana amarga akibate bisa ndadekake rugine manungsa dhewe. Nilai budaya kang ana gayutane manungsa marang alam donya sajrone TRD yaiku waspada marang bebaya kang bakal dumadi. Manungsa perlu waspada utawa ngati-ati marang bebaya perkara kang arep diadhepi. Wujud waspada marang bebaya kang bakal dumadi bisa arupa ngati-ati nalika tumindak lan bisa arupa nglakoni apa kang dadi kulina adat kang ana ing masyarakat. Mulane masyarakat tetap nglakoni tradhisi kasebut kayata andharan wawancara ing ngisor iki:

“.....para warga Belahan Jowo setiap tahun melaksanakan ruwat dhusun, karena setahun pernah tidak ngeruwat, ada warga yang gila dan air pusatnya candi kecil....” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Jarwane:

“.....para warga Belahan Jowo saben taun nglaksanakake ruwat dhusun, amarga sataun tau ora ngeruwat, ana warga kang edan lan punjere candhi cilik....” (Pak Soleh, 13 April 2017)

Pethikan wawancara kasebut medharake tradhisi iki ngandhut nilai budaya kang ana gayutane antara manungsa marang alam donya. Miturut Bapak Soleh, TRD dilakoni kanggo resesik desa minangka rasa wujud syukur marang Gustine. Kajaba kuwi, masyarakat Wonosuno nindakake tradhisi, amarga ana gayutane antara masyarakat lan alam donya. Manungsa lan alam nduweni

sesambungan antara siji lan sijine. Manungsa urip ing alam donya kudu ngregani alam minangka papan panggone manungsa. Mula, TRD ditindakake supaya ora ana bebaya, banyu punjere candhi miline cilik. Biyen tau TRD ora dilaksanakake akibate banyu candhi miline cilik lan ana salah sawijine warga kang edan. Mula saka iku, masyarakat isih percaya karo kakuwatane alam donya kang ana gayutane karo manungsa, mligine masyarakat desa Wonosuno.

Nilai Budaya kang Gegayutan Manungsa minangka Makhluk Sosial

Nilai budaya gegayutan manungsa minangka makhluk sosial, yaiku nilai-nilai kang ana gayutane marang kepentingan anggota masyarakat individu. Kaya dene nilai budaya musyawarah, gotong royong, lan saliyane. TRD iki menehi tuladha supaya manungsa bisa rukun lan bisa gotong royong karo tangga saubengane. Mulane, manungsa iku kalebu makhluk sosial kang ora bisa nglakoni urip tanpa manungsa liyane. Apa kang dilakoni manungsa sajrone uripe mesthi ana gayute karo manungsa liyane ing saben dinane. Sajrone TRD uga nuduhake nilai-nilai kang ana gayutane antara manungsa minangka makhluk sosial kayadene padha tetulung lan gotong royong.

PANUTUP Dudutan

Tradhisi Ruwat Dhusun ing Candhi Belahan minangka perangan saka kabudayan lokal, mligine kabudayan Jawa. TRD kalebu folklor setengah lesan amarga tradhisi iki wujud meh padha kaya upacara tradhisional. Mula bukane Candhi Belahan ana saperangan *versi* crita ing desa kasebut. Crita candhi belahan iki durung ana kang awujud tinulis. Crita Candhi Belahan disebarake kanthi cara lisan lan turun tinurun dening generasi sabanjure. Crita candhi uga minangka bukti kang ana wujud yaiku wewangunan Candhi Belahan kang nduweni gayutan karo tradhisi kasebut.

Tradhisi Ruwat Dhusun dilakoni saben taun ing wulan Suro utawa Besar. Tradhisi iki wis ana wiwit biyen lan masyarakat ing kono nduweni kapercayan yen nglakoni tradhisi iku masyarakat bakal ayem tentrem. Saliyane iku ngenani tradhisi kang sumebar ing masyarakat bisa mujudake apa kang dadi kekarepane wong kang menehi dupa lan dedonga ing Candhi Belahan bisa dijabahi, nanging panyuwune ora luput saka Gusti Kang Maha Kuwasa amarga kabeh miturut kapercayan dhewe-dhewe. Masyarakat desa Wonosuno nduweni kapitayan apa kang kadadean sajrone tradhisi kasebut ana gayutane karo bebrayan. Wiwit biyen nganti saiki, masyarakat isih nglaksanakake tradhisi ruwat desa uga tradhisi tumpengan nalika nduweni hajat. Tradhisi kang ditindakake kanggo mujudake rasa syukur marang Gusti lan dilancarake urusan kanthi alangan menapa.

Tata laku TRD kasusun kayata, 1) Wiwitane pambuka, 2) Pambuka, 3) Inti, 4) Panutup. Ubarampe-ubarampe kang digunakake ngandhut simbol kang nduweni makna sajroning tata lakune upacara kasebut. Ubarampe kang digunakake sajrone tumpeng ancak ing TRD, yaiku 1) sega putih, 2) iwak, 3) woh-wohan, 4) gendra, 5) pala pendem. Dene ubarampe rituwal sawur kembang, yaiku 1) kembang setaman, 2) kendhi, 3) dupa, lan 4) cok bakal.

Tradhisi Ruwat Dhusun uga nduweni fungsi konsep Bascom yaiku: 1) minangka *sistem proyeksi*, yaiku sarana piranti kang dadi benggaling angen-angen sawijine *kolektif*, 2) minangka piranti kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, 3) minangka piranti kanggo pendidikan bocah-bocah, 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi aturan-aturan supaya bisa nuwuhake rasa taat kanggo anggotane. Saliyane fungsi utama uga ana maneh fungsi liya minangka pengantar kang tuwuh saka anane pangembangan analisis. Fungsi kasebut ing antarane yaiku ana 5) minangka piranti hiburan, 6) minangka piranti tradhisi kang ngrembaka ing masyarakat, 7) fungsi solidaritas sosial, 8) kanggo nglestarike budaya, lan 9) fungsi ekonomi.

Nilai budaya apa kang kinandhut ing TRD kang bisa dadi patuladhan kanggo generasi panerus. TRD uga ngandhut nilai budaya kang gegayutane manungsa, kayata a) nilai budaya kang gegayutan marang Gustine, gegayutan nilai budaya iki biyasane ngenani ketaqwaan, seneng donga, lan seneng pasrah marang Allah SWT, b) nilai budaya gegayutane manungsa marang alam donya, c) nilai budaya gegayutane manungsa minangka makhluk sosial.

Pamrayoga

Candhi Belahan perlu dilestarike supaya anak putu bisa mangerteni crita lan tradhisi kang ngrembaka ing dhaerahe. TRD iki kudu diuri-uri supaya ora ilang. TRD uga kudu tansah ditindakake supaya tansah ngrembaka, amarga tradhisi kasebut minangka warisan turun temurun. Panliten iki nduweni pangarep-arep muga bisa menahi kawruh lan pamawas kanggo para generasi enom. Saliyane kuwi, muga ana panliten kang saemper kanggo nyinaoni lan bisa nguri-uri tradhisi uga crita candhi supaya kabudayan Jawa ora ilang.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia (ilmu gossip, dongeng, dan lain-lain)*. Jakarta: Pustaka Grafitipers.
- Danandjaja, James. 2007. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan Lain-lain*. Jakarta: PT. Temprin

- Djamaris, E, dkk. 1993. *Nilai Budaya dalam Beberapa Karya Nusantara Daerah Sumatra*. Jakarta: Depdikbud.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor, Konsep, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Herusatoto. 1984. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindata Graham Widya Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan, Pengantar Studi Sastra Lisan*. Jawa Timur: HISKI.
- Koentjaningrat. 1987. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- _____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 2000. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia
- _____. 2009. *Edisi Revisi Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana
- Moleong, Lexy J. 2006. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- _____. 2011. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Pierce. 2006. *Pierce's Theory of Signs*. T. L. Short.
- Poerwadarminta W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- _____. 1976 *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Balai Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Santosa, Gempur. 2007. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Prestasi Pustaka Publisier
- Soekanto, Soerjono. 1993. *Beberapa Teori Sosiologi Tentang Struktur Masyarakat*. Jakarta: Raja Grafindo Persada
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sulaeman, M. Munadar. 1998. *Ilmu Budaya Basar Suatu Pengantar*. Bandung: Fefika Aditama.
- Suwandi, Sarwidji. 2006. *Semantik Kajian Makna*. Yogyakarta: KLEIN Press
- Suwarni dan Sri Wahyu Widayati. 2005. *Dasar-dasar Upacara Adat*. Surabaya: Unesa Press.
- Tim Penyusun. 2005. *Buku Panduan Penulisan Skripsi Fakultas Bahasa dan Seni UNESA*. Surabaya: Unesa Press.